# ci lan lañuy jaayante ak yaw? Mu ne: "ci ngeen jaamu Yàlla te du ngeen ko bokkaale ak dara, ak julliy juróom, ak di topp -mu daaldi wax kàddu gu suufe ne- te du ngeen laaj nit ñi dara

Jële nañu ci Abii Muslim Alxawlaanii , mu wax ne: soppe bu wóor ba wax na ma, te soppe la ci man, ku wóor la it ci man, muy Hawfu ibn Maalik Al-Asjahii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Nekkoon nanu fi Yonnente Yàlla bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-juróom-ñent walla juróom-ñatt walla juróom-ñaar, mu wax ne:"ndax dungeen jaayante ak Yonnente Yàlla bi? Nu nekkoon ñu bees ci Lislaam, nu ne ko: jaayante nanu ak yaw, yaw Yonnente Yàlla bi, topp mu wax ne: "ndax du ngeen jaayante ak Yonnente Yàlla bi?" Nee na: nu tàllal sunuy loxo ne ko: jaayante nanu ak yaw, yaw Yonnente Yàlla bi,ci lan lañuy jaayante ak yaw? Mu ne: "ci ngeen jaamu Yàlla te du ngeen ko bokkaale ak dara, ak julliy juróom, ak di topp -mu daaldi wax kàddu gu suufe ne- te du ngeen laaj nit ñi dara" gis naa ñenn ci mbooloo moomu yaru kenn ci ñoom daan na rot, te du laaj kenn ku ka ko jottali.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa nekkoon ci ab lim ci Sahaaba yi mu sàkku ci ñoom ñatti yoon ñu jaayante ak moom kóllarante ak moom ci taqoo ay bir: Bi ci njëkk: jaamu Yàlla moom dong ci def ay ndigalam te moytu ay tereem, te bañ koo bokkaale ak dara. Ñaareel bi: taxawal julliy juróom yi ñu farataal ci bis bi ak ci guddi gi. Ñatteel bi mooy: dégg ak topp ñeel ki jiite mbiri jullit ñi. Ñenteel bi: seen aajo yépp ñu jëmale ko ca Yàlla te bañ a laaj nit ñi dara,Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- suufeel kàddoom ci loolu. Sahaaba yi -yal na leen Yàlla dollee gërëm- jëfe nañu loolu jaayante ak moom, ba nettalikatu hadiis bi wax ne: gis naa ñenn ci Sahaaba yooyu yaru kenn ci ñoom day wadd, te du laaj kenn mu ko koy jottali waaye day wàcc jëlal ko boppam.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee